



Adopte Lwa Maryland lan sou Dezyèm Egzamen

SB 123 / HB 724

Lejislatè Maryland yo dwe adopte Lwa sou Dezyèm Egzamen an (SLA). Li alafwa yon enperatif moral ak yon estrateji pragmatik ki ap ankouraje moun yo kenbe yon bon konpòtman. Li t ap kontribiye nan redwi eksè nan kantite moun ki nan prizon yo ak diminye menas vyolans yo. Li t ap asire tou moun ki transfòme ak pe a pe yo kapab kontribiye yon fason pozitif ak kominate yo.

KRIZ LA

Maryland mete nan prizon pousantaj moun Nwa ki pi wo nan peyi a – 71 pousan popilasyon nan prizon nou yo – ki se plis pase de fwa sa li ye an mwayèn nan nivo nasyonal.

Sa fè wont pou Maryland tou se premye eta ki kondane jèn Nwa pou pase plis tan nan prizon, ak yon to ki 25 pousan pi wo pase eta ki pi prè a ki se Mississippi.¹ Prejije kont moun Nwa ak Po fonse ak moun ki gen fèb revni te dokimante anpil a chak etap nan sistèm jiridik kriminèl Maryland lan, soti nan lapolis ki ap sible sou baz ras, pou rive nan arestasyon ak kondanasyon.

SOLISYON AN

Sèl fason pou redui inegalite rasyal ki egziste yo se kreye yon vwa liberasyon ki siyifikatif pou abitan Maryland ki demontre reyadaptasyon yo.

Lwa Maryland lan sou Dezyèm Egzamen an ta dwe pèmèt moun ki kondane ak santans ekstrèm yo e ki deja sèvi omwen de deseni nan santans lan pou mande tribinal la pou modifie oswa redui santans lan sou baz reyadaptasyon yo demontre. Inisyativ sa ki fonde sou prèv rekonèt potansyèl transfòmatè fokis sou

reyadaptasyon an ak ijans pou adrese kesyon jistis rasyal nan sistèm jiridik kriminèl nou an. Daprè Ankèt Nasyonal sou Opinyon Viktim 2022 yo, viktim yo prefere a 2 kont 1 pou sistèm jiridik kriminèl la fokis plis sou reyadaptasyon moun ki komèt krim yo olye de pini yo.²

POUKISA APWÒCH SA A?

Mantalite devastatè "mete yo nan prizon epi jete kle a" pandan 30 dènye ane sa yo mennen nan chanjman radikal nan lwa ak politik yo. **Yon rezulta terib se sèl fason pou yon moun nan Maryland ki ap sèvi yon santans ekstrèm fè re-egzamine santans lan se konteste konstitisyonalte santans lan nan li membr**.

Jij Maryland yo te konn gen kapasite pou re-egzamine santans yo – yon pwoteksyon enpòtan pou santans ekstrèm yo – men Komite Pèmanan Règ Pratik ak Pwosedi yo te elimine pwoesis sa avèk yon chanjman règ an 2004.³ Pandan plis pase 25 lane, sistèm libète kondisyonèl Maryland nan pa t aksesib ak moun ki ap sèvi santans a vi ak libète kondisyonèl, sa ki te kontribriye ak sipopilasyon sistèm prizon an ak inegalite rasyal ekstrèm yo. Kounya, yo finalman retire Gouvènè a nan pwoesis libète kondisyonèl la. **Men sa pa sifi pou repare refi ki pa jistifye pandan plizyè dizèn lane.**

Kontrèman ak odyans nan tribinal yo, libète kondisyonèl se pa yon odyans jiridik. Moun yo pratikman pa gen okenn dwa, ni pyès reprezantasyon legal pou prepare yon prezantasyon solid. Poutan pa gen okenn lòt mwayen pou jwenn re-egzaminasyon santans ou an aprè w fin pase plizyè dizèn lane nan prizon. Se pou sa sistèm aktyèl la ensite moun ki ap sèvi santans ekstrèm yo pou konteste kondanasyon yo a ak pa janm rekonèt kilabilito yo, paske

sa kapab konpwomèt tout chans liberasyon alavni, menm si yo demontre reyadaptasyon. Kòm rezulta, moun ki te viktim krim grav kapab pa janm tande yon eksplikasyon oswa ekspresyon remò moun nan santi.

Yon dispozisyon "Dezyèm Egzamen" t ap asire moun yo kapab eksprime vrè remò yo e rete fokis sou transfòmasyon yo san yo pa enkyete rekonèt kilpabilite ta ka elimine tout chans pou santans yo chanje.

Enpòtan tou, imedyatman aprè yon prejidis grav, emosyon yo wo, e li kapab difisil pou yon jij detèmine kapasite yon moun pou l chanje. Men plizyè ane aprè, yon jij kapab evalye kwasans, pwogrè ak reyadaptasyon yon moun ki nan prizon sou baz dosye reyèl li.

Li enkyetan pou konstate sistèm prizon Maryland nan plen ak moun Nwa ki te jwenn santans eksesif oswa refize liberasyon kondisyonèl sou baz mitoloji "sipèpredatè". Yon dispozisyon jeneral "Dezyèm Egzamen" garanti, plizyè dizèn lane aprè krim nan, yo kapab regzamine santans yo sou baz konpreyansyon aktyèl nou sou ekite ak jistis rasyal.

Pou abitan Maryland ki te konfwonte ak erè pase, pwojè lwa sa se yon pòt sekou – yon chans pou demontre devlòpman pèsonèl ak reyadaptasyon yo pandan tan yo te pase nan prizon an. Li reprezante yon espwa plis pou fanmi Nwa yo ki te "domaj kolateral" sistèm disfonksyonèl aktyèl nou an. E li voye yon mesaj pisan: eta ap aktivman rekonèt ak korije ka patipri pase yo e ap angaje l pou l trete tout moun ki plase sou responsabilite l yon fason ekitab.

Amelyore Sekirite Biblik, Envesti nan Potansyèl Imen, ak Ekonomize Lajan Kontribiyab

Anpil nan moun ki te libere de yon santans ekstrèm nan dènye ane sa yo ap ranfòse sekirite biblik. Jodi a yo se ansyen ki ap travay ak jèn, nan kad pwogram retablisman pa ansyen yo, ak devlope ti antrepriz. Yo pote sipò a fanmi yo, tout sa pandan y ap navige nan yon nouvo mond. Yo ap ranfòse fanmi yo ak kominate yo ak prezans ak kontribisyon pozitif yo.

Rechèch regilyèman revele yon diminisyon enpòtan to residiv kay moun ki libere nan prizon nan 40 ane yo oswa plis. An reyalite, moun ki te kondane pou enfraksyon ki pi grav yo gen to residiv ki pi ba yo.

Nan Maryland, "Ungers" yo te demontre sa vivman, yo te rele konsa an rezon de desizyon *Unger v. Maryland* nan. Jan Justice Policy Institute eksplike sa, an 2012, Kou Apèl Maryland te estime enstriksyon ki pa apwopriye yo te bay Jiri yo te envalide santans a vi ak posibilité liberasyon kondisyonèl 235 moun.⁴ Apati 2019, 192 ladan yo te libere. Pifò nan yo te jèn gramoun lè yo te kondane e yo pase an mwayèn 40 lane nan prizon. **Prèske 90 poustan te Nwa, menm si sèlman 18 poustan popilasyon Maryland nan te Nwa lè yo te jwenn santans yo a.** Depi liberasyon yo a, mwens pase 4 poustan nan yo retounen nan prizon.

Yo estime liberasyon abitan Maryland sa yo ekonomize \$185 milyon dola pou kontribiyab yo. **Maryland t ap kapab ekonomize plis pase yon milya dola pandan dis pwochen ane yo si l bati sou baz eksperyans pozitif sa.**

SOUS:

- ¹ https://justicepolicy.org/wp-content/uploads/justicepolicy/documents/Rethinking_Approaches_to_Over_Incarceration_MD_press_release.pdf
- ² <https://allianceforsafetyandjustice.org/wp-content/uploads/2022/09/Alliance-for-Safety-and-Justice-Crime-Survivors-Speak-September-2022.pdf>
- ³ <https://www.courts.state.md.us/sites/default/files/import/rules/rodocs/ro-rule4-345.pdf>
- ⁴ <https://justicepolicy.org/research/reports-2018-the-ungers-5-years-and-counting-a-case-study-in-safely-reducing-long-prison-terms-and-saving-taxpayer-dollars/>